



MI HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL
PENILAIAN AKHIR TAHUN MADRASAH IBTIDAIYAH
TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Nama Madrasah	: MI Hidayatul Mubtadiin	Hari	:	
		Dempel		
Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Tanggal	:	
Kelas	: VI (Enam)	Waktu	:	90 Menit

1. Pilihlah jawaban yang benar dengan menuliskan huruf A, B, C atau D pada kolom yang disediakan !

- Tembung Globalisasi iku asale saka basa Latin, yaiku ...
 - Global
 - Globe
 - globalisasi
 - globale
- Donya kang tanpa wates jalaran saka majune ilmu pengetahuan lan teknologi diarani ...
 - Global warming
 - Dunia
 - global warning
 - globalisasi
- Tembung globalisasi iku asale saka tembung globe, kang tegese ...
 - Bola
 - Dunia
 - bola dunia
 - bumi
- Salah sawijine dhampak Saka globalisasi yaiku komunikasi kang tansaya gampang.
 - Negatif
 - Netral
 - positif
 - ala
- Ing ngisor iki sing klebu dhampak positif globalisasi yaiku ...
 - Ilange budaya asli
 - Komunikasi saya angel
 - majune teknologi
 - ilange pakulinan gotong royong
- Ing ngisor iki sing klebu dhampak negatif globalisasi, yaiku ...
 - Masyarakat tansaya maju
 - Majune teknologi
 - anane pasar global
 - ilange pakulinan gotong royong
- Lunture kabudayan lan nilai-nilai luhur bangsa klebu salah sawijine dhampak ... globalisasi.
 - Positif
 - Netral
 - negatif
 - apik
- Dodolan online iku olehe nawakne jasa/barang bisa nggunakake sarana ...
 - Internet
 - Satelit
 - pasar
 - laying tulis
- Jaman dhisik, piranti kang dianggo tandha ana bahaya yaiku ...
 - Kendhang
 - Komprengan
 - kenthongan
 - bedhug
- Unen-unen utawa ukara kang kudu dibatang (dibedhek utawa dijawab) diarani ...
 - Cangkriman
 - wangsalan

- B. Parikan
D. tembang
11. Miturut wujud, cangkriman iku kaperang dadi ...
A. Telu
C. papat
B. Lima
D. enem
12. Kang klebu fungsine cangkriman yaiku ...
A. Sarana pertunjukan
C. sarana hiburan
B. Sarana pagelaran
D. hobi
13. Ing ngisor iki klebu titikane cangkriman, **kajaba** ...
A. Nduweni sipat bedhek-bedhekan
B. Ora kudu dibatang
C. Nganggo basa kiasan utawa tembung entar (dudu tegese kang baku)
D. Kadhang kala nganggo basa tradhisional
14. Ing ngisor iki kang **ora klebu** jinis cangkriman, yaiku ...
A. Wancahan
C. tembang
B. Irib-iriban
D. wangsulan
15. Cangkriman kang kedadean saka tembung-tembung kang diwancah utawa dicekak diarani ...
A. Cangkriman wancahan
C. cangkriman pepindhan
B. Cangkriman plesetan
D. cangkriman sing sinawung ing tembang
16. Cangkriman kang ngemu surasa blenderan, batangane kudu luwih ngati-ati, jalaran yen kurang ngati-ati bakal keblender temenan diarani cangkriman ...
A. Wancahan
C. plesetan
B. Pepindhan
D. tembang
17. Sing klebu cangkriman plesetan, yaiku ...
A. Burnas kopen
C. kablak ketan
B. Gajah ngidak endhog ora pecah
D. manuk biru
18. Tuwan sinyo, batangane ...
A. Untu kedawan gusi menyonyo
C. yen dijiwit athi biyung
B. Nangka tiba ning
D. jurang isi banyu gumuk isi watu
19. Pak boletus, batangane ...
A. Bubur panas kokopen
C. tapak kebo ana lelene satus
B. Kaki macak iket-iketan
D. pager kobong watune mendhelis
20. Buta buri, batangane yaiku ...
A. Bubur panas kokopen
C. tebu ditata mlebu lori
B. Segane pera sambele pedhes
D. watu alas disengker walanda
21. Wong wudunen iku sugih pari. Pari apa ...
A. Paringisan
C. pari gogo
B. Pari mberamu
D. parikan
22. Ngarep ireng, mburi ireng, sing tengah methentheng, apa?
Batangane ...
A. Wong mikul areng
C. wong mikul gabah
B. Wong mikul beras
D. wong mikul buah

23. Bocah cilik tlusap-tlusup nang kebon, batangane ...
- A. Clana C. kates
B. Dom D. pring
24. Pitik walik saba kebon, batangane ...
- A. Sulak C. nanas
B. Nangka D. sapu
25. Dikethok malah mundhak dhuwur, batangane ...
- A. Andha C. celana
B. Pring D. benik
26. Bapak pocung renteng-renteng
Kaya kalung
Dawa kaya ula
Pencokanmu wesi miring
Sing disaba si pocung mung turut kutha
Batangane cangkriman tembang ing dhuwur, yaiku ...
- A. Sepur C. kaos
B. Klambi D. sepatu
27. Duwe rambut ora duwe ndhas, batangane yaiku ...
- A. Tebu C. anggrek
B. Pring D. jagung
28. Gajah numpak sepedha ketok apane?
Batangane yaiku ...
- A. Ketok goroh C. ketok mripate
B. Ketok sikile D. ketok wetenge
29. Wonten putri luwih ayu
Tan ana ingkang tumandhing
Sariranira sang retna
Owah-owah saben ari
Yen rina kucem kang cahya
Mung ratri mancur nelahi
Batangane yaiku ...
- A. Rembulan C. Clana
B. Gajah D. Kombang
30. Kewan apa sing sirahe neng sikil, mripat ning sikil, irung neng sikil, pokoke kabeh ning sikil.
Batangane ...
- A. Kebo C. Anak pitik kapidak
B. Macan D. Manuk
31. Wirausaha iku asale saka tembung ... lan usaha.
- A. Wara C. wiri
B. Wari D. wira
32. Pejuwang kang nindakake sawijine pakaryan diarani ...

- A. Pariwisata C. wiraswasta
B. Wirausaha D. purnawirawan
33. Ciri-ciri wirausaha yaiku kaya ing ngisor iki , **kajaba** ...
A. Nduweni pikiran kang positif C. nduweni nyali kang jirih
B. Nduweni watak kang kendel D. nduweni jiwa pemimpin
34. Salah sijine kauntungan dadi wirausahawan yaiku ...
A. Bisa nyiptakake padamelan kang masarakat
B. Golek pesaing sing akeh
C. Akeh risiko sing kudu diadhepi
D. Duwe tanggung jawab gedhe
35. Guneman kanthi ngandharake gagasan, panemu, pamikir, utawa osiking manah sarana lesan ing sangarepe wong akeh diarani ...
A. Pawarta C. sesorah
B. Wara-wara D. pacelathon
36. Pidhato uga diarani ...
A. Pamedhar sabda C. pranatacara
B. Sesorah D. pawarta
37. Ing ngisor iki klebu ancasa sesorah, **kajaba** ...
A. Prentah C. pangajak
B. Atur pambagya D. atur panglipur
38. Wong kang nindakake sesorah/pidhato diarani ...
A. Pranatacara C. medhar sabda
B. MC D. pamedhar sabda
39. Nalika pidhato vokal/ swara kudu ...
A. Banter C. nggremeng
B. Nyaring D. liri
40. Sadurunge ngandharake wos wigatine pidhato, pamedhar sabda ngandharake ...
A. Purwaka C. surasa
B. Dudutan D. wusana
41. Sesorah ing rapat karang taruna kalebu jinis sesorah ...
A. Resmi C. ora resmi
B. Setengah resmi D. formal
42. Bab kapisan sing kudu digatekake kanggo nuwuhake semangat wirausaha yaiku ...
A. Niyat lan tekad C. duwe rasa yakin
B. Sinau saka crita sukses wong liya D. nemtokake idhe
43. Tembung ngisor iki kang klebu salam pambuka, yaiku ...
A. Ingkang kinurmatan C. matur nuwun
B. Assalamualaikum D. cekap semanten
44. Pidhato kanthi cara ngapalake isine teks pidhato kang wis direng-reng sadurunge diarani metode ...
A. Apalan C. impromptu

- B. Naskah
D. ekstemporar
45. Sesorah kang ora nganggo persiapan utawa ora direng-reng anggone arep sesorah luwih dhisik diarani metode ...
A. Apalan
C. impromptu
B. Naskah
D. ekstemporar
46. Patrap nalikane pidhato, yaiku ...
A. Ndhingkluk
C. ndhangak
B. Kakean obah
D. jejeg nanging ora kaku
47. Wacanen pratelan teks pidhato ing ngisor iki!
Wusana namung mekaten ingkang kula aturaken, mugi saged migunani tumrap warga panti aasuhan ngriki. Menawi wonten lepat anggen kula matur, nyuwun agunging samodra pangaksami.
Pratelan teks pidhato ing dhuwur klebu perangan ...
A. Dudutan
C. wusana
B. Purwaka
D. pangarep-arep
48. Sing kudu ditindakake sadurunge gawe cengkorongan teks pidhato, yaiku ...
A. Ngembangake cengkorongan teks pidhato kanthi utuh
B. Nemtokake tema
C. Ngumpulake bahan kanggo gawe naskah pidhato
D. Nemtokake ancasa pidhato kang bakal digawe
49. Ing acara resmi lumrahe wong kang pidhato maca naskah kang wis diaspake luwih dhisik supaya ...
A. Ora grogi
B. Digatekake dening pamiyarsa
C. Ora salah anggone pidhato
D. Dipuji marang wong liya
50. Gatekna ukara ing ngisor iki !
(1) Mahami materi sing diandharna
(2) Patrap utawa sikep jumeneng jejeg ananging ora kaku
(3) Ngomong kanthi swara sing rindhik
(4) Gatekna wektu
Sing kalebu bab-bab kang kudu digatekna nalika nindakake pidhato yaiku ...
A. (1), (2), (3)
C. (2), (3), (4)
B. (1), (3), (4)
D. (1), (2), (4)